



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON POU NOUVO SANT EDIKASYON STEM KI KOUTE 12.5 MILYON DOLA HUDSON VALLEY COMMUNITY COLLEGE LA NAN KONTE SARATOGA

Bilding de etaj, ki mezire 14,500 pye kare pou sèvi 1,100 etidyan epi enkli laboratwa dènnye kri pou anatomi, byoloji, chimi, mikwobyoloji, ak fizyoloji

Reprezantasyon grafik konsepsyon an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon pou nouvo Sant Edikasyon STEM Hudson Valley Community College la nan sant ekstansyon Hudson Valley Community College North la ki sitiye nan Saratoga Technology and Energy Park (Pak Enèji ak Teknoloji Saragota) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) nan Malta, Konte Saratoga. Yon fwa li fini, nouvo bilding de etaj, ki mezire 14,500 pye kare a pral gen ladan laboratwa dènnye kri pou anatomi, biyoloji, chimi, mikwobyoloji, ak fizyoloji, ansanm ak salklas, espas sipò pou etidyan yo, ak biwo pou sèvi apeprè 1,100 etidyan.

"Pandan n ap kontinye investi nan edikasyon klas mondyal New York la, envèstisman ki pote transfòmasyon tankou sa yo pral bay anpil moun Nouyòkè edikasyon k ap chanje lavi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou apiye nan domèn enpòtan tankou syans ak teknoloji, nou pral bay Nouyòkè yo konpetans yo bezwen pou yo kapab fè konpetisyon nan mache travay ki dinamik e ki toujou ap chanje jodi a. Pandan n ap rebati ekonomi nou an, pwojè tankou sa a pral asire ke New York rete eta ki pi pratik pou biznis ak travayè nan nasyon an."

Sant lan se yon pati nan pwojè ekspansyon HVCC North ki koute 12.5 milyon dola kolèj la, ki gen ladan l'investisman Eta New York ki apeprè 8.5 milyon dola. Ansanm ak renovasyon Sant Fòmasyon ak Edikasyon ki egziste deja nan kolèj la pou enstalasyon Fabrikasyon Semi-kondiktè ak Teknoloji Altènativ ak Renouvlab (Training and Education Center for Semiconductor Manufacturing and Alternative and Renewable Technologies, [TEC-SMART](#)), nouvo Sant Edikasyon STEM lan se yon eleman kle nan plan kolèj la pou ogmante aksè ak edikasyon ak opòtinite fòmasyon mendèv atravè nouvo enstalasyon, teknoloji, ak enstriksyon.

HVCC North, ki prevwa fini nan otòn 2023, pral kreye espas ak resous ki nesèsè pou plis pase 30 pwogram diplòm ak sètifika, ansanm ak òf edikasyon pwofesyonèl ak mendèv a kout tèm san kredi. Li pral elaji tou opòtinite edikasyon ak fòmasyon mendèv nan domèn ki trè espesyalize epi k ap grandi yo nan swen sante, STEM, ak metye kalifye. HVCC North pral pèmèt kolèj la fòme plizyè santèn gradye epi adrese bezwen endistri ijan yo—pandan y ap kenbe mendèv lokal la epi bay yon gwo ogmantasyon ekonomik pou Rejyon Kapital la pandan kolèj la ap fòme yon pi gwo pati nan mendèv la pi vit.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Devlopman mendèv la se kle pou konstwi yon rezèv talan kalifye pou djòb STEM pandan Eta New York ap vin tounen yon sant k ap grandi pou semi-kondiktè ak lòt endistri kle yo. Enstalasyon modèn HVCC North yo pral bay etidyan yo aksè ak travay alavni ki n ap kreye kounye a ak pou lavni nan Empire State la."

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Sant Edikasyon STEM Hudson Valley Community College la ap grandi kontinyèlman pou asire opòtinite fòmasyon ak rechèch yo aksesib epi prepare elèv yo avèk siksè kòm pwochen jenerasyon travayè talantye yo. Eta New York bezwen anplwaye ki byen prepare e ki konfyan pou estimile siksè biznis ak endistri 21èm syèk la. Kanpis nou yo sèvi kòm byen nan fòmasyon elèv yo pou yo sèvi ak nouvo teknoloji nan endistri ki gen anpil demann yo. Mwen felisite HVCC pou agrandisman sa a, epi mwen voye remèsiman sensè mwen bay Gouvènè Hochul ak lidè eli nou yo pou investisman enpòtan ki fè kwasans sa a posib."

Prezidan Hudson Valley Community College la, Roger Ramsammy, te deklare, "Hudson Valley Community College kontan anpil pou li inogire nouvo Sant Edikasyon STEM nou an kòm yon pati nan pwojè ekspansyon Hudson Valley Community College North enpòtan sa a: Pandan bezwen anplwayè lokal nou yo ap kontinye evolye, se objektif nou pou n kontinye vin lidè lokal la nan fòmasyon mendèv demen an. Devlopman Hudson Valley Community College North pral pèmèt nou egzakteman jis sa, epi nou trè rekonesan pou sipò lidè nou yo ak ofisyèl yo, patnè kominote yo ak patnè biznis yo pandan n ap travay pou nou elaji pòte ak aksè pou etidyan yo nan rejyon nou an epi fòme etidyan sa yo pou ranpli travay ke endistri lokal nou yo bezwen pou yo pwospere."

Pwojè a te sipòte pa yon sibvansyon kapital 2.5 milyon dola Empire State Development ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Vil New York la te rekòmande. Anplis de sa, gwo kontribisyon nan finansman pwojè a te fèt pa SUNY (6 milyon dola) ak Konte Saratoga (1.5 milyon dola), ansanm ak òganizasyon ki gen ladan GlobalFoundries, Northern Borders, ak Hearst Foundation.

Ete pase a, GlobalFoundries te anonse yon kado 500,000 dola pou pwojè a ki pral kreye yon Sant Fòmasyon Mendèv ak Aprantisaj nan HVCC North. Kado a pral ede

amelyore enstalasyon kolèj la ki egziste deja epi kreye nouvo enstalasyon, tankou yon Laboratwa Avanse an Teknoloji Radyo Frekans/Vakyòm, yon laboratwa Mekatwonik, ak modènizasyon Laboratwa Sal Pwòp ki sitye kounye a nan TEC-SMART.

Manm Kongrè Ameriken Paul Tonko te nonmen tou pwojè HVCC North la kòm youn nan 15 [Pwojè Finansman Kominotè nan Bidjè Ane Fiskal 2023 ke li te soumèt dènyèman](#) pou finansman 2,065,000 dola bay Komite Chanm pou Afektasyon pou kontribisyon finansman federal yo.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, "HVCC se depi lontan yon patnè kle nan efò pou fè Rejyon Kapital nou an tounen yon sant mondyal pou inovasyon ak edikasyon STEM, e mwen fyè pou m kanpe ansanm ak lidè lokal yo pou selebre ekspansyon Kanpis Nò HVCC a. Pwojè sa a pral amelyore opòtinite fòmasyon mendèv, ogmante kapasite enskripsyon pou pwogram syans sante, STEM, ak pwogram metye kalifye ki gen anpil demann yo, epi prepare etidyan HVCC ki gradye yo pou antre nan karyè nan endistri ki pi enteresan nan rejyon nou an. Mwen te fyè pou m fè presyon pou yon gwo finansman federal pou pwojè sa a nan kad inisyativ Finansman Pwojè Kominotè ane sa a, e mwen espere wè enpak pozitif pwojè sa a pral genyen sou rejyon nou an."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Nouvo Sant Edikasyon STEM Hudson Valley Community College la se yon gwo investisman nan teknoloji emèjan yo alavni. Mèsi ak Gouvènè Kathy Hochul, Manm Kongrè Tonko, Hudson Valley Community College, ak tout patnè k ap travay pou asire ke New York an premye plan nan edikasyon STEM epi li ka devlope mendèv ki nesèsè pou pote nouvo lide ak pwogrè nan domèn swen sante, STEM, ak metye kalifye yo."

Konsènan Hudson Valley Community College

Fonde an 1953, Hudson Valley Community College ofri plis pase 85 pwogram diplòm ak sètifika nan twa lekòl: Biznis ak Atizay Liberal; Syans Sante; ak Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik; ak yon Sant Opòtinite Edikatif pou fòmasyon akademik ak karyè. Youn nan 30 kolèj kominotè yo nan sistèm State University of New York (SUNY) la, li gen yon enskripsyon prèske 9,500 etidyan epi li rekonèt kòm lidè nan inisyativ aprantisaj a distans ak fòmasyon mendèv. Hudson Valley gen plis pase 80,000 ansyen etidyan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418